



Konje Peye Pou Fanmi • PO Box 9030, Endicott, NY 13761-9030

Moun k ap fè reklamasyon yo renonse dwa yo pou jwenn avantaj pi devan an plis kondisyon ki nan kontra sa a ki gen pou wè ak reklamasyon pou diskriminasyon yo ki nan kontra sa a. Tanpri gade nan paj 2 pou jwenn plis enfòmasyon ansanm ak enstriksyon sou fason pou ranpli fòm sa a.

Menm si ou soumèt yon Akò pou Renonsyasyon, sa pa vle di y ap anile okenn odyans ki te deja pwograme. Yon Jij Workers' Compensation Law pral egzaminen akò sa a ak tout moun ki konsène yo nan yon odyans pou apwouve li jan Komisyon an egzije sa.

Nimewo Dosye PFL:	Non Moun ki fè Reklamasyon an (Siyati, Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon):
Non Travay la:	

Bay tout kondisyon nou dakò ak yo nan Akò sa a (Tache lòt fèy si li nesèsè):

Tanpri tcheke si sa ki annapre yo aplike epi ranpli enfòmasyon yo mande yo (Enstriksyon sou paj 2).

- ☐ **Egzekisyon Sipò** - Dokiman sipò administratè jiridiksyon an te bay, gade nan paj: _____
- ☐ **Kontestasyon ki Annatant** - Lè Komisyon Administrasyon Konpansasyon Travayè a apwouve Akò pou Renonsyasyon Daprè Seksyon 32 sa a, y ap anile kontestasyon ou te depoze nan dat _____ la.

Montan Règleman an

Paske moun k ap reklame a renonse konpansasyon li pou diskriminasyon, kou yo apwouve Akò a, patwon an dakò pou peye moun k ap reklame a \$_____, mwens yon frè \$_____ pou peye avoka moun k ap reklame a, apre Komisyon Administrasyon Konpansasyon Travayè apwouve frè a. Avoka moun k ap fè reklamasyon an renonse nenpòt ki frè yo te pwomèt men pa te bay li nan dat Komisyon an apwouve Akò a.

Nou prepare Akò sa a epi nou soumèt li dapre seksyon 32 Lwa sou Konpansasyon Travayè. Chak moun ki siyen anba la a konfime yo te li epi yo konprann tout dispozisyon Akò a depi yo siyen li. Chak moun ki konsène konfime tou yo konprann s ki nan Akò a, epi si Komisyon Administrasyon Konpansasyon Travayè a apwouve li, l ap final ak konplè, epi tout moun ki konsène dwe respekte sa ki ladan yo.

Moun ki siyen anba la yo bay konsantman yo libelibè pou yo depannde dispozisyon ki endike anwo a epitou yo rekonèt yo resevwa yon kopi akò sa a.

Moun ki fè reklamasyon an - Tanpri ekri an lèt detache	Moun ki fè reklamasyon an - Siyati	Dat la
Avoka Moun ki fè reklamasyon an/ Reprèzantan - Tanpri ekri an lèt detache	Avoka Moun ki fè reklamasyon an/ Reprèzantan - Siyati	Dat la
Anplwayè - Tanpri ekri an lèt detache	Anplwayè - Siyati	Dat la
Avoka Anplwayè / Reprèzantan - Tanpri ekri an lèt detache	Avoka Anplwayè / Reprèzantan - Siyati	Dat la



Enfòmasyon enpòtan pou moun k ap fè reklamasyon an

Nòt: Ou renonse dwa yo pou jwenn avantaj pi devan ki gen rapò ak reklamasyon pou diskriminasyon ki nan Akò sa a. Si Akò sa a renonse dwa ou genyen pou reyentegrè, patwon w la pa oblije repriman ou nan travay la.

Dwa pou Soti nan Akò a: Tout moun ki konsène nan akò a gen dis (10) jou pou yo soti nan Akò a apati dat yo detèmine yo te soumèt Akò pou Renonsyasyon Daprè Seksyon 32 an bay Komisyon an pou soti nan Akò a.

Chèk Regleman an: Konpayi travay lan gen dis (10) jou apati dat otorizasyon Akò a vin final pou yo voye chèk regleman an ba ou, sof si yon moun ki konsène soumèt yon avi alekri pou soti nan Akò a.

Final ak Definitif: Tanpri sonje lè peryòd dis (10) jou pou soti nan Akò a apati dat Komisyon an deside yo te dwe soumèt akò a pase epitou si Komisyon an apwouve Akò a, akò a ap final ak definitif pou moun konsène ki enterese yo.

Modifikasyon: Apre Komisyon an bay yon avi pou desizyon li pou apwouve Akò pou Renonsyasyon Daprè Seksyon 32, ou kapab fè chanjman nan akò a sèlman si tout moun ki konsène yo dakò epitou sou Komisyon an apwouve Akò a.

Fason pou Kominike avèk Komisyon an: Nenpòt kominikasyon avèk Komisyon an ta dwe endike nimewo dosye PFL ou.

Eksplikasyon pou Ranpli Akò pou Renonsyasyon Daprè Seksyon 32 a: Reklamasyon Kont Diskriminasyon pou PFL

Pou yo kapab travay vit sou rezolisyon Akò pou Renonsyasyon Daprè Seksyon 32, nou mande moun ki konsène yo pou yo swiv enstriksyon sa yo. Si ou pa swiv enstriksyon sa yo epitou si ou pa bay dokiman sipò ki nesè yo sa ka lakòz ou pran reta pou resevwa rezolisyon Akò pou Renonsyasyon Daprè Seksyon 32 a. Lwa ak règleman ki konsène Akò pou Renonsyasyon Daprè Seksyon 32 (WCL§ 32 ak 12 NYCRR 300.36) disponib sou sitwèb www.wcb.ny.gov.

1. Fòm: Voye yon fòm PFL-32-D lizib pa imèl bay PaidFamilyLeave@wcb.ny.gov oswa pa lapòs bay **Paid Family Leave, PO Box 9030, Endicott, NY 13761**. Kondisyon Kontra a dwe nan yon sèl atachman. Si li vin nesè pou modifye Kontra a, tanpri soumèt yon nouvo Kontra amande ki gen modifikasyon yo, tan pou w soumèt yon adandòm. Komisyon an dwe asanble nenpòt reklamasyon ki nan yon Akò pou Renonsyasyon Seksyon 32 dwe epi bay li yon Nimewo Dosye. Yo dwe soumèt yon kopi Akò pou Renonsyasyon Seksyon 32 a pou chak reklamasyon ki nan Kontra a.

2. Kontestasyon Annatant: Si gen yon Kontestasyon ki annatant pou yon dosye ki endike nan Akò pou Renonsyasyon Daprè Seksyon 32, akò a dwe endike yo anile oswa rezoud kontestasyon an. Komisyon an p ap apwouve Akò pou Renonsyasyon Daprè Seksyon 32 pou reklamasyon ki gen yon Kontestasyon annatant ki pa rezoud.

3. Egzekisyon Sipò: Dapre Lwa Konpansasyon Travayè Seksyon 33, si moun ki fè reklamasyon an gen yon Dwa Privilej sou Sipò ki Annatant, yo dwe peye tout lajan Akò pou Renonsyasyon Daprè Seksyon 32 an nèt. Ou dwe soumèt dokiman ki egziste depi pa mwens pase 30 jou nan Ajans Rekouvremant Sipò apwopriye a ki bay detay sou kantite lajan dwa privilej la nan moman an. Anvan Komisyon an apwouve nenpòt Akò dapre Seksyon 32, Komisyon an ap fè yon rechèch pou nenpòt obligasyon sipò timoun ki anreta.

4. Frè Avoka: Chak fwa yo mande yon frè ki depase \$ 1,000, yo dwe fè demann pou frè sa a sou fòm OC-400.1 epi ki kole li ak Akò sa a. Avoka moun k ap fè reklamasyon an renonse nenpòt ki frè yo te pwomèt men pa te bay li nan dat Komisyon an apwouve Akò a.

5. Nimewo Paj yo: Men kijan pou w nimewote paj dokiman sipò yo: Paj 1 nan 4, Paj 2 nan 4, elatriye

6. Siyati: Fè tout moun ki konsène yo siyen ak mete dat la sou fòm sa a avan ou soumèt li.

7. Langaj pou Evite - Pa fè referans a:

Yon reklamasyon pa pa te pèmèt ak estipilasyon.

Yon reklamasyon ki poko sanble Komisyon an poko bay yon Nimewo Dosye.

Yon renonsyasyon nan yon peryòd retrèt dis (10) jou.

Enfòmasyon konfidansyèl ki ka idantifye yon moun ki pa fè pati Akò a.

Lè Akò a vini obligatwa.

Komisyon an p ap apwouve okenn Akò ki di yon pa te pèmèt yon reklamasyon ak estipilasyon moun ki konsène yo paske langaj sa a bay rezilta Komisyon an, ki pa vre.

8. Renonsyasyon Reyentegrasyon Pèmisib: Moun kap fè reklamasyon an / anplwaye a kapab renonse dwa yo pou yo reyentegrè nan travay yo selon Seksyon 120 ak 203-b Lwa Konpansasyon Travayè pou yo kapab touche yo peman ki etabli nan seksyon Kondisyon Akò a.